

Paramèt Kont Rezo Sosyal yo

Aprann meyè pratik ki genyen pou jere paramèt kont rezo sosyal ou.

1. Kijan pou Jere Paramèt Kont Rezo Sosyal Ou

Ou kapab itilize kont rezo sosyal yo pou anpil ak yon pakèt objektif, epi kont rezo sosyal yo genyen tou yon gwo kantite paramèt ak opsyon pou konsidere pou divès objektif sa yo.

Paramèt kont ou a kapab konfigire eksperyans ou ak yon platfòm rezo sosyal epi yo ka gen yon gwo enpak sou konfidansyalite ak sekirite w anjeneral pandan w ap itilize platfòm nan.

Konsidere ti konsèy ki annapre yo pou jesyon kont rezo sosyal ou yo:

- Abtye tèt ou ak opsyon w yo, Asire w ou konnen opsyon ou genyen sou chak sit rezo sosyal
- Verifye paramèt ou yo souvan. Nan sit yo, kapab gen mizajou ki ka chanje paramèt ou yo oswa ki ka ajoute nouvo opsyon pou ou. Epi, chanjman ki sipèk yo ka yon siy pirataj, kidonk verifye paramèt sa yo souvan!
- Chèche jwenn pi bon pratik ak rekòmandasyon ki genyen sou entènèt nan men resous ki fyab yo (New York Times pwopoze gid sou teknoloji ak sekirite sou entènèt souvan!)
- Konsidere pwòp bezwen pa w yo. Kijan ou itilize yon sit? Ki fonksyon paramèt ak opsyon konfidansyalite ki fè sans pou ou?


Sonje, lè w konnen ki opsyon ki egziste, ki pi bon pratik ak rekòmandasyon ki genyen epi kijan ou vle itilize yon sit rezo sosyal, sa ka ede w pran desizyon ki eklere sou paramèt rezo sosyal ou yo.

NYC Digital Safety

Privacy & Security

2. Aktivite: Ki Sit Ou Itilize?

Fè yon lis tout sit rezo sosyal ou itilize. Nan yon moman, nou pral itilize lis sa a tankou yon lis verifikasyon sit ou ta renmen mete paramèt yo ajou yo.



3. Mizajou Paramèt Kont Rezo Sosyal Ou Yo

Verifye lis ou a nan etap 2 a parapò ak lyen ki annapre yo pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou mete paramèt ou yo ajou sou sit rezo sosyal ki popilè yo. Si w pa wè gen yon sit ou itilize la a, jis chèche “paramèt kont” ak non sit la pou konnen ki kote pou w ale!

Pòtay Konfidansyalite Facebook

<https://www.facebook.com/about/basics>

Paramèt Kont Twitter

<https://twitter.com/settings/account/personalization>

Sant Èd Instagram

<https://help.instagram.com/>

Sant Èd TikTok

NYC Digital Safety

Privacy & Security

<https://support.tiktok.com/en>

Paramèt Konfidansyalite LinkedIn

<https://privacy.linkedin.com/settings>

Paramèt Konfidansyalite Snapchat

<https://support.snapchat.com/en-US/a/privacy-settings2>

Paramèt Konfidansyalite YouTube

<https://www.youtube.com/howyoutubeworks/user-settings/privacy/>

Pòtay Pratik Konfidansyalite Pinterest

<https://policy.pinterest.com/en/privacy-policy>

Sant Èd Reddit

<https://www.reddithelp.com/hc/en-us/categories/360003246511-Privacy-Security>

Lòt sit ou ka vle verifye yo gen ladan yo:

Kontwòl Konfidansyalite Google

<https://safety.google/privacy/privacy-controls/>

Konfidansyalite Windows 10

<https://privacy.microsoft.com/en-US/windows10privacy>

4. Mizajou Paramèt Kont Rezo Sosyal Ou Yo

Itilize lis verifikasyon ki annapre yo pou ede w jere paramèt ou yo:

- Verifye paramèt piblik ou a. Ki moun ki kapab wè piblikasyon ou yo?

NYC Digital Safety

Privacy & Security

- Detèmine ki moun ki kapab jwenn ou. Ki moun ki ka jwenn ou sou yon platfòm?
- Jere paramèt lokalizasyon w yo. Ki moun ki ka gen aksè ak sa yo epi ki enfòmasyon w ap pataje?
- Kontwòl kòmantè ak moun k ap swiv ou. Kijan moun kapab entèraji avèk ou sou yon platfòm?
- Kontwole preferans tag ou yo. Èske moun ka tag ou nan foto?
- Verifye enfòmasyon pèsonèl ou yo. Kisa ki piblik epi kisa ki prive?
- Amelyore sekirite w. Èske w genyen konfigirasyon Otantifikasiyon ki Gen Plizyè Faktè?
- Verifye ekstansyon tyès pati w yo. Kisa ki gen aksè ak kont ou?

Ki paramèt ou te chanje? Note yo la a konsa ou ka egzamine paramèt ou yo alavni: